



Making Opportunity Count, Inc. Fòm Konsantman Kliyan Pou Pataje

Fòm sa a se yon Konsantman Kliyan pou pataje enfòmasyon ant ou menm ak fanmi ou ansanm ak Making Opportunity Count, Inc. Paske enfòmasyon sou ou menm ak fanmi ou pèsònèl epi yo konfidansyèl, jeneralman yo pa ka pataje yo san ou pa bay konsantman ou alekri. Fòm sa a gen pou objektif enfòmasyon ou sou fason Making Opportunity Count, Inc pral pataje enfòmasyon pèsònèl ou yo. Yo pral pataje enfòmasyon pèsònèl ou sèlman an akò ak fòm konsantman sa a ak selon sa lalwa egzije oswa otorize. Tanpri pran san w pou w egzamine li anvan w siyen.

Lè w siyen fòm sa a, ou bay anplwaye Making Opportunity Count, Inc. yo pèmasyon pou pataje enfòmasyon pèsònèl ou nan Making Opportunity Count ak pou pataje enfòmasyon pèsònèl ou yo ak antite ki finanse, ki kontwòle, oswa ki evalye pwogram yo nan Making Opportunity Count, si sa nesesè. Si sa nesesè pou anplwaye yo pataje enfòmasyon sou ou oswa sou fanmi ou ak lòt òganizasyon kominotè oswa ak founisè sèvis yo, lè sa a, yo pral mande w pou w siyen yon fòm konsantman apa.

"Enfòmasyon pèsònèl," jan yo defini l nan fòm konsantman sa a, vle di nenpòt enfòmasyon konsènan mwen menm ak/oswa fanmi mwen ki, akòz non, nimewo idantifikasyon, mak oswa deskripsyon ki ka pèmèt yo idantifye mwen ak/oswa fanmi mwen byen fasil, tankou:

- Enfòmasyon biyografik ak demografik (Non, Dat Nesans, Nimewo Sekirite Sosyal, Sèks, Eta Sivil, Ras, Etnisite, Lang, Nivo Edikasyon, Eitati nan Travay, Kalite ak Gwosè Kay, Kalite Lojman, Sitiyasyon Andikap, Eitati Militè, Eta Sante, Founisè Swen Sante ak Enfòmasyon sou Asirans Sante, Enfòmasyon sou Revni ak Avantaj)
- Patisipasyon nan Pwogram ak Enfòmasyon sou Kalifikasyon (Enskripsyon nan Pwogram, Dosye Prezans ak Sèvis yo, Dosye ki gen Kontak ant Pèsònèl la ak Kliyan yo)
- Enfòmasyon sou travay ak konvèsasyon anplwaye Making Opportunity Count, Inc. yo gen avèk ou menm ak fanmi ou (Nòt sou Ka a; Pwosè Vèbal Rankont yo; Plan Endividyèl sou Sèvis/Tretman/Edikasyon; Evalyasyon, Enfòmasyon sou Evalyasyon ak Dyagnostik yo)

Nan ki objektif y ap kolekte enfòmasyon pèsònèl mwen yo ak ki jan yo pral itilize yo?

Enfòmasyon pèsònèl ou yo, jan yo defini l pi wo a, yo itilize yo prensipalman pou:

- detèmine kalifikasyon pou pwogram yo;
- bay ou menm ak fanmi ou bonjan kalite sèvis ki wo nivo nan Making Opportunity, Inc.;
- kowòdone ak jere sèvis ant pwogram yo nan Making Opportunity Count, Inc.
 - Pou pwogram WIC la, responsab Lasante nan Eta a ka otorize itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon yo sou patisipasyon w nan pwogram WIC pou rezon ki pa gen rapò ak WIC. Making Opportunity Count, Inc. pral itilize enfòmasyon sa yo sèlman nan kad administrasyon pwogram li yo ki vize moun ki elijib pou pwogram WIC la; epi
- pou bay rapò ak moun ki fè don yo, verifikatè yo, kontwòlè yo ansanm ak evalyatè yo.

Yo ka itilize enfòmasyon pèsònèl ou yo tou pou analize done yo. Analiz done yo nan nivo kliyan yo pèmèt anplwaye yo ak Konsèy Administrasyon nan Making Opportunity Count, Inc. la pi byen konprann kliyan nou yo, pwèn fò yo ak bezwen yo ansanm ak enpak sèvis nou yo genyen sou lavi yo. Konpreyansyon pwofon sa a pèmèt anplwaye ak Konsèy Administrasyon Making Opportunity Count, Inc. yo pran pi bon desizyon sou kote ki gen mankman nan sèvis yo, sou fason yo sèvi kliyan endividyèl yo ansanm ak kominote a an jeneral, epi pi byen distribye resous yo atravè pwogram yo.



Making Opportunity Count, Inc. Fòm Konsantman Kliyan Pou Pataje

Èske mwen oblije siyen fòm konsantman sa a?

Non, ou pa gen okenn obligasyon pou siyen fòm sa a epi ou gen dwa refize siyen konsantman sa a. Siyen konsantman sa a se pa yon kondisyon kalifikasyon pou nenpòt nan pwogram Making Opportunity Count, Inc. yo.

Si mwen siyen, èske mwen ka anile oswa retire konsantman mwen an annapre?

Wi, ou ka retire otorizasyon ou bay konsènan itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon w yo nenpòt ki lè. Si ou ta renmen anile konsantman sa a ki gen rapò ak kolekte epi itilize enfòmasyon pèsònèl ou yo, ou dwe mande sa alekri nan request@mocinc.org.

Aprè ou fin retire konsantman w, yo p ap pataje okenn lòt enfòmasyon sou fanmi w, sof si lalwa bay Making Opportunity Count, Inc. otorizasyon pou kontinye itilize enfòmasyon ou yo.

Lè mwen siyen pi ba a, mwen deklare mwen konprann Making Opportunity Count, Inc. pral kenbe enfòmasyon pèsònèl ak enfòmasyon finansye mwen bay sou mwen ak sou manm fanmi mwen k ap resevwa sèvis nan men Making Opportunity Count, Inc. yo konfidansyèl, Sepandan, Making Opportunity Count, Inc. ka pataje enfòmasyon ki nan Making Opportunity Count, Inc. yo, si sa nesèsè pou bay mwen menm ak fanmi mwen sèvis epi pou jere pwogram li yo. Making Opportunity Count, Inc. ka divilge enfòmasyon si sa nesèsè oswa sou demann ajans nan gouvènman yo ak lòt antite ki finanse, kontwole, verifye, siveye oswa k ap mennen ankèt sou Making Opportunity Count, Inc., epi selon sa lalwa otorize oswa egzije, selon pwosesis jiridik yo oswa selon yon òdonans tribinal. Pou nenpòt lòt rezon, Making Opportunity Count, Inc. pral divilge enfòmasyon sèlman si mwen bay konsantman mwen alekri.

Enfòmasyon Making Opportunity Count, Inc. te kolekte jiska yon (1) ane anvan dat ki sou fòm sa a ak pandan tout tan mwen fè ap patisipe nan pwogram Making Opportunity Count, Inc. yo fè pati otorizasyon mwen an.

Sou baz dokiman sa a, mwen sètifye tout enfòmasyon anplwaye Making Opportunity Count, Inc. bay yo se laverite epi yo egzak selon tout sa mwen konnen. Mwen konprann bay fo enfòmasyon ka konsidere kòm yon zak fwod. Mete sou sa, fo enfòmasyon, oswa enfòmasyon ki pa konplè yo ka lakòz yo refize oswa sispann bay sèvis yo.

Siyati Kliyan/Paran/Responsab Legal la Dat

Siyati Pèsònèl la Dat

Non Kliyan/Paran/Responsab Legal la (an lèt detache)